



Analize Chwa Ou Yo

# Anwolman nan Avantaj 2023

16 Novanm – 30 Novanm

Li pou aprann plis sou avantaj 2023 ou yo epi prepare w pou w enskri.





# Li Konsène Avantaj yo ak Byennèt nan Sysco

Sysco ofri yon pake Rekonpans Total (Total Rewards) ki gen plis pase avantaj sèlman. Li se pou byennèt total ou, anmenmtan l ap sipòte sante w, lespri w, sekirite ak kominate w. Li se pou ede w viv yon vi ki pi ansante ak sipò Sysco ofri. Pandan w ap prepare w pou w enskri apati 16 novanm pou rive 30 novanm, pran tan pou w eksploré Rekonpans Total Sysco ou yo. Ou ka jwenn detay yon nan [SyscoBenefits.com](#). Pou wè plis enfòmasyon sou avantaj ou yo, ale nan [SyscoBenefits.com/Coastal](#).

## One Care Path

Nou kwè nan rann li senp pou ou menm ak fanmi ou jwenn aksè ak itilize avantaj ou yo, se poutèt sa nou bay piò òf yo atravè Aetna oswa yon konpayi asirans prefere Aetna. Nou rele sa One Care Path. Avèk One Care Path, men sa w ap jwenn:

**Kowòdinasyon pou Swen.** Founisè w yo gen aksè nan dosye w yo, pou bay ou menm ak fanmi w yon swen ki konsistan.

**Aksè fasil.** Atravè Aetna, w ap gen aksè fasil nan Eksplikasyon Avantaj ou yo, ansanm ak nan asistans pou reklamasyon, defans swen sante ak kowòdinasyon swen.

**Yon sèl koutfil pou asistans ak sipò.** Avèk One Care Path, yon sèl koutfil telefòn fè w konekte ak èd ou bezwen an—kit si se pou jwenn yon founisè, pou konprann yon reklamasyon oswa pou jwenn enfòmasyon sou yon avantaj espesyalize.

Pou kòmanse avèk  
One Care Path ou a, rele yon  
Defansè Aetna Healthcare  
nan **1-833-361-0223** oswa  
ale nan [Aetna.com](#).

# Sante

Sysco ofri ou avantaj sante konplè, soti nan medikal ak dantè ak resous espesaylize ak pi plis pou sipòte ou menm ak fanmi ou.



## Plan Medikal ak Kouvèti Medikaman ak Preskripsyon

Sysco ofri kat (4) opsyon plan medikal nasyonal, pou ou kapab chwazi youn (1) ki bon pou ou menm ak fanmi ou: Plan Debaz, HSA, PPO oswa HMO nasyonal. Se Aetna ki administre toutlèkat plan medikal nasyonal Sysco patwone yo . Yon fwa ou chwazi plan ou a, ou ka chwazi nivo pwoteksyon ou bezwen an:

- Anplwaye Sèlman
- Anplwaye ak Madanm/Mari
- Anplwaye ak Patnè nan Kay\*
- Anplwaye ak Timoun
- Anplwaye ak Timoun Patnè nan Kay\*
- Anplwaye ak Fanmi

W ap jwenn tarif medikal, dantè ak vizyon w nan Total Rewards Café lè w enskri.

## Plan Debaz

Plan Debaz la gendwa yon bon opsyon pou ou si ou an sante jeneralman, si w sèlman wè yon doktè detanzantan epi ou kapab peye depans pou swen medikal ki rive sanzatann. Ou pral peye prim ki ba epi resevwa swen preventif nan rezo a kouvari a 100%, men depans ou yo pral pi wo lè w bezwen gwo swen.

## HSA Plan

Plan Kont Epay Sante (Health Savings Account (HSA)) a vini ak yon franchiz ki pi wo, men yon pri prim asosye ki pi ba, ansanm ak opòtinité pou kontribye dola anvan taks atravè yon Kont Epay Sante. Ou gendwa pou kontribye jiska limit anyèl IRS yo. Apre enskripsiyan an, Sysco pral kontribyiye nan Kont Epay Sante w la pou ede w kouvri franchiz ou a epi redwi depans ki soti nan pòch ou yo. Sysco ap kontribye \$250 pou pwoteksyon endividiyèl oswa \$500 pou tout lòt nivo pwoteksyon.

## Plan PPO

Avèk plan PPO a, w ap peye pi gwo prim asosye yo, men ou pi ba pri ki soti nan pòch la. Plan PPO a gen ladann kopeman PCP ak vizit nan klinik espesyalis yo. Ou resevwa tou swen preventif nan rezo a ki kouvari a 100%.

## Plan HMO Nasyonal

Plan HMO Nasyonal la fèt pou moun ki kapab peye pi gwo prim nan chèk yo an echanj pou depans ki pi ba soti nan pòch yo lè yo itilize sèvis swen sante yo. Plan HMO Nasyonal la pa disponib nan sèten zòn. Si HMO Nasyonal la disponib nan zòn ou an, w ap wè li kòm yon opsyon nan Total Rewards Café lè w enskri.

\*Tarif patnè nan kay yo vini apre taks epi yo sjè a revni enpite. Tanpri konsilte konseye taks ou ak/oswa konseye finansye ou pou plis detay. Ou kapab wè tarif pou Patnè nan kay yo nan Total Rewards Café pandan peryòd enskripsiyan ou.

## Kouvèti pou Medikaman sou Preskripsiyon

Kouvèti pou medikaman sou preskripsiyon enkli nan plan medikal ou Sysco patwone a epi li se CVS ki patwone l, yon konpayi asirans Aetna prefere. Sysco utilize Lis Medikaman Aetna Value, ki vle di sèten medikaman ap disponib gratis pou ou. Anplis de sa, Chwa Antretyen (Maintenance Choice ) se yon karakteristik nan plan ou a. Si doktè w preskri yon medikaman pou antretyen (tankou medikaman pou tansyon wo, dyabèt oswa opresyon) kote ou pral pran pou plis pase 90 jou, ou ka chwazi pou w ranpli li swa nan yon famasi CVS oswa atravè Caremark® Sèvis Famasi pa Lapòs (Mail Service Pharmacy). Genyen tou yon Lis Medikaman Espesyal Eksklizif, ki vle di genyen sèten medikaman espesyal yo pral ofri pou \$0 kopeman pou moun ki enskri nan PrudentRx \*. Pwogram sa yo ede w kenbe pri medikaman sou preskripsiyon w yo ba.

\* PrudentRx pa aplikab pou Plan HSA

## Tranzisyon Swen

Sèvis Tranzisyon Swen yo disponib si ou nan yon kou aktif nan tretman ki pral deranje akòz yon chanjman nan plan medikal ou. Kèk egzanp enkli yon operasyon pwogramme, gwochès oswa tretman kontinyèl pou yon maladi grav oswa sèten pwoblèm nan sante konpòtmantal. Sèvis Tranzisyon Swen yo pèmèt ou kontinye travay ak ekip swen ou ye kounye a pou yon peryòd tan ki deziyen.

Pou kòmanse pwoteksyon Tranzisyon Swen, w ap bezwen ranpli yon fòm tranzisyon swen ou ka jwenn nan [SyscoBenefits.com/Coastal](#).

## Konparezon Plan Medikal (avantaj yo nan rezo a)

Lè w ap chwazi pwoteksyon avantaj ou, gen anpil bagay pou konsidere. Gen kèk pwen enpòtan nan opsyon plan medikal ki disponib pou ou atravè Sysco yo nan bwochi sa a. Ou ka jwenn plis detay, tankou enfòmasyon sou medikaman sou preskripsiyon ak avantaj pou sante konpòtmantal, nan Gid Avantaj yo sou [SyscoBenefits.com](#).



# Apèsi sou Kouvèti Medikal

	Debaz	HSA	PPO	HMO Nasyonal*
Kontribisyon Sysco nan Kont Epay Sante Ou	Pa aplikab	\$250 pou Anplwaye Sèlman, \$500 pou tout lòt nivo pwoteksyon	Pa aplikab	Pa aplikab
Franchiz (nan rezo a)	\$5,000 pou chak moun \$10,000 pou chak fanmi	\$2,000 pou chak moun \$4,000 pou chak fanmi	\$1,000 pou chak moun \$3,000 pou chak fanmi	\$0 pou chak moun \$0 pou chak fanmi
Vizit nan Klinik Doktè yo	Premye Swen: \$25 Espesyalis: \$75	W ap peye 10% apre franchiz la	Premye Swen: \$25 Espesyalis: \$65	Premye Swen: \$25 Espesyalis: \$40
Pifò Lòt Sèvis yo (anndan Rezo a)	W ap peye 30% apre franchiz la Sal Dijans: \$250 + Franchiz + ko-asirans.	W ap peye 10% apre franchiz la Sal Dijans: \$250 + Franchiz + ko-asirans.	W ap peye 20% apre franchiz la Sal Dijans: \$250 + Franchiz + ko-asirans.	Swen Ijan: \$60 Sal Dijans: \$250 Lopital: \$300
Depans Maksimòm avèk Lajan Pòch ou (anndan Rezo a)	\$6,000 pou chak moun \$12,000 pou chak fanmi	\$5,500 pou chak moun \$11,000 pou chak fanmi	\$5,500 pou chak moun \$11,000 pou chak fanmi	\$3,000 pou chak moun \$6,000 pou chak fanmi

Plan HMO Nasyonal la pa disponib nan sèten zòn. Pou plis detay sou plan an, revize Gid Avantaj yo nan [SyscoBenefits.com](https://SyscoBenefits.com).



## Telehealth atravè Teladoc

Avèk Teladoc, ou kapab jwenn yon **konsiltasyon medikal nan telefòn oswa sou entènèt atravè videoyo tchat 24/7/365**.

Toulèkat plan medikal nasyonal Sysco patwone vini ak avantaj Telehealth la. Sèvi ak avantaj sa a fasil epi konvenyan lè ou gen yon pwoblèm medikal ki pa ijans epi ou pa ka ale pou wè doktè premye swen ou. Sèvis Telesante a disponib kote eta kote ou ye a pèmèt li.

## CVS MinuteClinic/Health Hub

Si w enskri nan yon plan medikal nasyonal Sysco patwone, ou gen aksè a sèvis MinuteClinic ki gratis/pri ba nan lokal CVS Pharmacy® ak nan magazen Target. Nan MinuteClinic, ou ka jwenn **tretman nan men enfimyè pratikan ak asistan doktè yo pou pwoblèm komen ki pa ijans** tankou rim ak grip, enfeksyon nan zòrèy ak antòch. Yo kapab menm ekri yon preskripsyon, lè yo jije medikalman nesesè, ou gendwa al pran sou plas! Pou konnen si ou gen yon MinuteClinic nan zòn ou an, vizite [cvs.com/minuteclinic](http://cvs.com/minuteclinic).



## Resous Espesyalize pou Sante

Toulèkat plan medikal nasyonal Sysco patwone yo ba ou aksè tou ak resous espesyalite, tankou:

- **Sèvis revizyon medikal gratis ak konfidansyèl** atravè Espè Medikal Teladoc yo (Teladoc Medical Experts), ki ka ede w ak yon dyagnostik medikal egzat, deside ki plan tretman ki bon pou ou epi jwenn yon espesyalis lokal oswa si w gen kesyon medikal jeneral. Teladoc gen ladan tou sèvis opinyon medikal ekspè.
- Pwogram Swen pou Transfòme Dyabèt (Transform Diabetes Care) atravè Aetna ofri asosye yo sipò pou **prevansyon ak jesyon dyabèt**.
- Yon **pwogram terapi fizik gratis** atravè Omada ki ba ou swen pèsonalize kote yon terapis fizik ki devwe ap gide.
- **Sipò pou kansè konplèks AccessHope** ak ekspè onkoloji ki bay resous ak konsèy ki baze sou pi dènye rechèch medikal ki ajou.





## Kont pou Jesyon Sante

Kont depans fleksib (FSAs) pèmèt **ou mete lajan nan chèk ou sou kote sou yon baz anvan taks pou peye** pou depans ki kalifye yo. Sysco ofri w twa (3) kalite FSA: yon FSA Swen Sante, yon FSA pou Itilizasyon Limite pou moun ki enskri nan plan medikal HSA ak yon FSA Swen pou Depandan.

### Swen Sante FSA

Swen Sante FSA se yon bon fason pou **ranbouse tèt ou pou depans medikal, dantè ak swen vizyon ki kalifye** pou tèt ou ak depandan ou yo. Ou pa bezwen enskri nan okenn lòt avantaj Sysco pou patisipe nan Swen Sante FSA, epi chak ane ou ka kontribye apati \$100 jiska maksimòm IRS chak ane.

### Itilizasyon Limite FSA

Lè w enskri nan plan medikal HSA a, ou kalifye pou yon FSA pou Itilizasyon Limite, ki travay menm jan ak FSA Swen Sante a, eksepte li ka itilize **sèlman pou depans dantè ak vizyon**.

### FSA pou Swen Moun ki sou kont ou

Yo itilize Swen Depandan FSA a pou **ranbouse tèt ou pou gadri ki kalifye, kan lajounen oswa lòt depans** ou peye paske ou menm ak konjwen ou travay, konjwen ou ale lekòl aplentan oswa konjwen ou pa mantalman oswa fizikman kapab pran swen tèt li pou kont li. FSA sa a pa pou depans swen sante. Ou ka ekonomize ant \$100 ak \$5,000 chak ane kalandriye, sof si oumenm ak konjwen ou fè yon deklarasyon taks separe, nan ka sa a plis ou ka ekonomize se \$2,500.



## Plan Dantè ak Vizyon

### Dan

Sysco ofri **de (2) opsyon dantè atravè Aetna**—plan Debaz la ak plan Premyòm la. Toulède plan yo pèmèt ou sèvi ak nenpòt dantis, men depans ou yo pral pi ba si w chwazi yon dantis ki nan rezo Aetna. Toulède plan yo kouvri òtodonti pou timoun yo. Ou pral resevwa yon kat ID dantè.

### Vizyon

Plan vizyon Sysco a ofri atravè Plan Sèvis Vizyon (VSP) epi li kouvri **egzamen woutin je yo, preskripsiyon pou linèt oswa lantiy kontak**. Depans ou yo ap pi ba lè w itilize founisè VSP yo. Ou pa pral resevwa yon kat ID Vizyon. Jis di founisè swen vizyon w ou genyen kouvèti asirans atravè VSP epi bay dat nesans ou.



Ou ka jwenn enfòmasyon espesifik sou avantaj ou yo nan [SyscoBenefits.com/Coastal](http://SyscoBenefits.com/Coastal).



# Mantal

Sysco ofri w pwogram ki ede w ak fanmi w nan moman lè w ap fè fas ak pi gwo pwoblèm yo nan lavi.



Sysco ofri **avantaj sante konpòtmantal atravè Aetna** si w enskri nan yon plan medikal nasyonal Sysco patwone. Ou gen aksè tou nan **Pwogram Asistans nan Resous Lavi pou Anplwaye Aetna**, ki ofri pou tout anplwaye yo, kèleswa plan medikal yo chwazi.

## Anplis de sa, ou gen aksè a resous espesyalize sante konpòtmantal:

**Resous sipò paran** atravè RethinkCare, yon pwogram sipò fòmasyon ak edikasyon pou moun k ap pran swen moun ki gen andikap aprantisaj oswa ki gen konpòtman difisil.

**Sèvis Vityèl sou Sante Konpòtmantal** atravè Teladoc, ki gen ladan konsèy sou sante konpòtmantal ak yon sikyat sètifye nan konsèy administrasyon an, sikològ ki gen lisans oswa terapis nan telefòn oswa videoo chat sou entènèt 7 jou sou 7 soti 7 a.m. a 9 p.m. lè lokal.

**Headspace** se yon pwogram sante mantal dijital ou ka itilize nenpòt kote ak nenpòt lè. Ou pral gen aksè ak plizyè santèn meditasyon ak egzèsis pou estrès, pou konsantre, pou dòmi ak pou fè mouvman.

Aprann tout detay sou tout avantaj sa yo sou [SyscoBenefits.com](#).

# Sekirite

Avantaj Sysco te kreye pou sipòt byennèt finansye ou pou ba ou sekirite ak lapè nan tèt ou.



## Avantaj byennèt finansye ou genyen ladan yo:

**Plan 401(k)** – gen yon kontribisyon Sysco otomatik 3% epi matche 50 santim pou chak dola adisyonèl ou kontribye, jiska 6% nan kontribisyon konpayi an.

**Plan pou Anplwaye Achte Aksyon (Employee Stock Purchase Plan (ESPP))** – ba ou dwa pwopriyete nan konpayi an lè li ofri aksyon Sysco pou achte ak yon rabè 15%.

**Asirans De Vi, AD&D ak Andikap (Life, AD&D and Disability insurance)** – Sysco ap peye 100% pou Asirans de Vi Debaz ak Lanmò nan Aksidan ak Demanbreman ak Kouvèti pou Andikap. Oumenm ak depandan ki kalifye ou yo gen opsyon pou chwazi adisyonal pwoteksyon Lavi ak AD&D pou pwoteje fanmi ou.

**Avantaj medikal siplemantè** – Pwoteksyon Konpasasyon Lopital ak Maladi Kritik ki disponib pou ede w pwoteje w kont depans inatandi akòz yon sejou lopital oswa maladi grav.

**Asirans Legal** – pou ede adresé pwoblèm legal komen yo.

**Pwoteksyon kont Vòl Idantite** – disponib pou ede pwoteje finans ou.

# Kominote

Konekte ak kominote  
w la avèk sipò Sysco.



Pami lòt avantaj ki genyen nan travay nan Sysco se sipò pou gen yon lavi pèsònèl ak pwofesyonèl ki rich epi ki konekte atravè patenarya ak rezo nan kominote yo.

**Gwooup Resous Anplwaye yo (Associate Resource Groups (ARGs))** ede konekte anplwaye yo ak kominote Sysco ki pi elaji nan ankouraje yon espas travay divès, enklizif ki alien ak vizyon, valè ak priyorete estratejik nou yo. Vizite The Dish pou plis detay sou fason pou w rантre nan yon ARG.

Genyen tou **anpil opòtinite sèvis** pou sipòte kominote lokal nou yo ansanm ak lòt asosye Sysco yo. Vizite The Dish pou plis detay.

**Privilej Anplwaye yo nan Travay (Associate Perks at Work)** se yon pwogram rabè asosye ki ofri ou plizyè milye rabè nan men machann prefere ou yo sou atik tankou machin, òdinatè, televizyon, vwayaj, tikè, manje, rad ak plis ankò.

# Kijan pou w Enskri nan Avantaj Sante w yo



Apre w fin revize opsyon ou yo, asire w pou w enskri pou avantaj ou yo soti 16 novanm pou rive 30 novanm. Si w gen plan pou kouvri yon konjwen, patnè nan kay, pitit (yo) oswa pitit yon konjwen oswa patnè nank kay, prepare w pou soumèt dat nesans la ak nimewo Sekirite Sosyal pou chak depandan ki kouvri pandan pwosesis enskripsyon an. Sysco pral fè yon verifikasyon done apre enskripsyon an fini, epi Sant Verifikasyon Depandan Alight a pral mande w pou bay dokiman. Avantaj ou yo ap anvigè apati 1ye janvye 2023.

## Enskri sou Entènèt Lè W Sèvi ak Òdinatè w oswa Aparèy Mobil ou

1. Ale sou [SyscoBenefits.com](#).
2. Klike sou lyen Total Rewards Café pou konekte nan sistèm enskripsyon an.
3. Lè w ap konekte nan Total Rewards Café pou premye fwa, klike sou lyen *New user (Nouvo itilizatè)* sou ekran *Log On (Konekte)*.
4. Antre idantifikasiyon pèsònèl ou pou kreye kont ou.
5. Antre enfòmasyon sou depandan ou ki kouvri yo (si sa aplikab).
6. Fè chwa avantaj ou yo.
7. Antre benefisyè ou yo pou asirans de Vi ak AD&D.
8. Klike sou *Confirm (Konfime)* pou sovgade chwa ou yo. Pou fè lòt chanjman nan peryòd enskripsyon an, tanpri kontakte Sant Avantaj Sysco (Sysco Benefits Center).  
**Tanpri sonje:** Si w fè eleksyon avantaj men ou pa klike sou bouton *Confirm (Konfime)* a ki anba paj la, eleksyon w yo p ap sovgade.



## Enskri nan Telefòn

1. Rele Sant Avantaj Sysco a nan **1-800-55-SYSCO**, Lendi–Vandredi, 7 a.m.–7 p.m. CT.
2. Yon reprezantan nan Sant Avantaj Sysco pral anrejistre eleksyon avantaj ou yo.

Si w gen pwoblèm pou w konekte nan Total Rewards Café, vizite seksyon *Kijan Pou Enskri* nan [SyscoBenefits.com](#) pou jwenn enstriksyon yo etap pa etap.



## Kijan pou Enskri nan 401(k) ak ESPP

Kòm yon asosye kalifye, w ap enskri otomatikman nan 401(k) nan premye nan mwa a ki koyenside ak oswa apre 60 jou travay ak yon pouvantaj kontribisyon 3% nan peman kalifye. Sysco otomatikman kontribye 3% nan peman ou nan kont ou chak peryòd peman, epi pou chak dola ou kontribye, Sysco matche ak li ak 50 santim, jiska 6% nan peman ou.

Ou pral resevwa enfòmasyon dirèkteman nan men Fidelity sou kijan pou w enskri nan Plan Acha Aksyon Anplwaye (ESPP) a, ki ba w an dwa pwopriyete nan konpayi an lè l ofri aksyon Sysco pou achte ak yon rabè 15%. Gade Gid Benefis sou entènèt la sou [SyscoBenefits.com](#) pou plis enfòmasyon.



## Kontak pou Avantaj yo

Lè w gen kesyon, kontakte dirèkteman kontak pou avantaj ou yo.

Avantaj	Founisè	Enfòmasyon sou Kontak		
Kalifikasyon, Enskripsyon, Kesyon Jeneral sou Avantaj yo	Sant Avantaj Sysco	<b>1-800-55-SYSCO</b> (7-9726): <a href="#">SyscoBenefits.com</a>		
Medikal, Defansè Swen Sante, Dantè, Sante Konpòtmantal, EAP	Aetna	<a href="#">aetna.com</a> / <b>1-833-361-0223</b> : Avèk aplikasyon Aetna Health, jere avantaj sante ou epi konekte ak swen		
Kouvèti Medikaman Preskripsiyon	Aetna/CVS	<a href="#">cvs.com</a> : Aplikasyon Famasi CVS® la rann li pi fasil pou ranpli preskripsiyon ou yo		
Telesante, Sante Konpòtmantal Vityèl, Opinyon Medikal Ekspè	Teladoc	<a href="#">teladoc.com</a> : Telechaje aplikasyon Teladoc pou jwenn aksè 24/7 ak doktè nan telefòn oswa videyo		
Kont Epay Sante ak Kont Depans fleksib	PayFlex	<a href="#">payflex.com</a> : Nan aplikasyon Mobil PayFlex, jwenn aksè nan kont ou nenpòt lè, nenpòt kote		
401(k), ESPP, Epay pou Kolèj	Fidelity	<a href="#">netbenefits.com</a> : Sèvi ak aplikasyon Fidelity Investments pou revize kont 401(k) ou ak plis anko		

Gade Gid sou avantaj la sou Entènèt nan [SyscoBenefits.com](#) pou yon lis kontak yo okonplè.

Enskri apati 16 novanm rive 30 novanm lè w konekte sou Total Rewards Café nan [SyscoBenefits.com](#) oswa lè w rele Sysco Benefits Center nan **1-800-55-SYSCO**, Lendi-Vandredi, 7 a.m.–7 p.m.CT.



## Defansè Swen Sante Aetna

Ou ka pale ak yon Defansè Swen Sante Aetna depi jodi a pou ede w pran desizyon sou avantaj ou yo. Si w enskri nan youn nan plan medikal nasyonal Sysco patwone yo, yon Defansè Swen Sante pral tankou pwòp konseye avantaj pèsonèl ou, ou ka jwenn aksè nan telefòn, chat sou entènèt oswa imèl.

Defansè Swen Sante w la ka ede w navige nan sistèm swen sante a epi ede w konekte ak bon resous yo pou w ka:

- Jwenn founisè yo
- Estime depans yo
- Maksimize avantaj ou yo
- Planifye vizit doktè yo
- Jere pwosesis reklamasyon yo an tan reyèl

Rele **1-833-361-0223** pou pale ak yon Defansè Swen Sante Aetna.



## Lòt Resous pou Avantaj yo

Pake avantaj ou a se yon pati empòtan nan rekompans total ou resevwa nan men Sysco. Nou ba ou zouti ak resous ou bezwen ki annapre sa yo pou:

- Pran desizyon enfòme sou ki benefis ki pral satisfè bezwen ou yo
- Konprann ki jan benefis ou yo fonksyone ak ki jan ou ka pi byen pwofite yo
- Jwenn repons pou nenpòt kesyon ou genyen pandan peryòd enskripsiyon an ak pandan tout ane a

Vizite **SyscoBenefits.com** pou kòmanse pwosesis enskripsiyon an jodi a. Klike sou liyen Zouti ki ltil pou jwenn enstriksyon sou fason pou w enskri, detay sou kalifikasyon w, liyen ki mennen nan rezo founisè pou chak plan yo ak detay sou avantaj Sysco ofri yo.

### Benefits Warehouse

Eksploré Virtual Benefits Warehouse sou **SyscoBenefits.com** pou wè tout seri avantaj Sysco ofri. Pandan w ap navige nan koulwa yo, w ap jwenn videoyo, deskripsyon avantaj yo ak liyen ki mennen nan resous yo. Ou ka menm pèsonalize pwòp eksperians aprantisaj sou avantaj ou.

### Sant Avantaj Sysco (Sysco Benefits Center)

Sant Avantaj Sysco a la pou ede! Ou kapab kontakte Sant Avantaj Sysco a nan **1-800-55-SYSCO**, Lendi-Vandredi, 7 a.m.–7 p.m. CT.

Objektif enfòmasyon ki nan komunikasyon sa a se pou rezime avantaj 2023 ou Sysco patwone yo. Se pa tout dispozisyon, limit oswa eksklizyon plan ki dekri nan piblikasyon sa a. Nan ka yon konfli ant enfòmasyon yo bay nan rezime sa a ak dokiman plan aktiyèl yo ak kontra asirans yo, dokiman plan yo ak kontra asirans yo ap gouvène. Esponnò plan an gen dwa pou chanje oswa sispann avantaj yo nenpòt ki lè. Avantaj ki dekri sou SyscoBenefits.com pa aplike pou asosye ki kalife pou avantaj anba yon plan avantaj Sysco pa patwone, tankou opsyon avantaj altènatif ki espesifye nan yon akò negosasyon kolektif.



Sysco Corporation  
1390 Enclave Parkway  
Houston, TX 77077  
[Sysco.com](http://Sysco.com)

Presorted  
First Class Mail  
US Postage Paid  
Dallas, TX  
Permit #6

SYS3758\_COASTAL

**Enskripsiyon pou avantaj anyèl 2023  
la se 16 novanm pou rive 30 nov. 2022.**

Gade anndan an pou w aprann  
sou avantaj Sysco 2023 ou yo  
epi vizite **SyscoBenefits.com/  
Coastal** pou plis enfòmasyon.

